



# NYSTART/CSIDD

Prevansyon ak Repons pou Kriz

## Sèvis Kriz pou Moun ki Gen Andikap Entèlèktyèl ak/Oswa Devlopmantral (NYSTART/CSIDD)



### Ki sa NYSTART/CSIDD ye?

Sèvis Kriz pou Moun ki gen Andikap Entèlèktyèl ak/oswa Devlopmantral (NYSTART/CSIDD) bay sèvis prevansyon ak entèvansyon pou kriz pou moun ki gen andikap entelekyèl oswa andikap devlopmantral, ansanm ak fanmi yo ak moun k ap sipòte yo.

Sèvis yo disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, pou moun ki gen laj 6 lane oswa plis ki kalifye pou OPWDD epi ki satisfè kritè elijibilite NYSTART/CSIDD yo.

Objektif NYSTART/CSIDD se pou konstwi relasyon ak sipò atravè sistèm sèvis yo pou ede moun rete lakay yo ak kominote yo epi amelyore kapasite kominote yo pou sipòte yo.

### Travay Ansanm

#### Ekip NYSTART/CSIDD yo Bay:

- Patenarya kominotè ak lyen ant sistèm yo
- Devlopman konpetans, kontwòl medikaman, ak konsèy pou ede moun nan ak fanmi li/moun k ap bay swen yo reyaji yon fason efikas ak deklanche epi retabli establite pandan y ap rete nan anviwònman aktyèl yo.
- Tretman ak planifikasyon egzeyat
- Fòmasyon ak edikasyon kominotè
- Sipò ak repons mobil pou kriz
- Sansibilizasyon ak suivi

Sant pou Sèvis START yo sètifye tout Ekip NYSTART/CSIDD yo.

### Elijibilite pou NYSTART/CSIDD

Moun ki gen andikap entelekyèl ak/oswa andikap devlopmantral ki gen gwo bezwen sante mantal oswa konpòtmantal ki ka benefisye NYSTART/CSIDD ka elijib.

Objektif prensipal NYSTART/CSIDD se pou sipòte ak ede fanmi/moun kap bay swen ak sistèm sipò a pou yo ka pi byen soutni epi ede moun nan rete nan anviwònman li ye a. Kidonk, NYSTART/CSIDD ka pa apwopriye si sistèm sipò a ak/oswa fanmi an pa enterese oswa si yo pa kapab patisipe. NYSTART/CSIDD pa ranplase sèvis ki deja disponib nan kominote a.

Anplis faktè ki endike anwo a, pou yon moun elijib pou NYSTART/CSIDD, ou dwe:

- Enskri nan Medicaid;
- Genyen 6 lane oswa plis; epi
- Satisfè Kritè Nesesite Medikal yo:
  - Yo detèmine ou kalifye pou sèvis OPWDD yo, epi
  - Yo detèmine ou gen gwo bezwen konpòtmantal ak/oswa sante mantal.

### Pwosesis Rekòmandasyon

Moun k ap chèche sèvis, fanmi yo, founisè sèvis yo, lopital, sant sikyatrik ak lòt sèvis kriz ka fè referans yo. Si sa aplikab, founisè NYSTART/CSIDD la pral kontakte w pou kòmanse pwosesis evalyasyon an nan espas 2 èdtan apre rekòmandasyon an.

NYSTART/CSIDD se yon inisyativ Biwo Eta New York pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral.

033\_4/6/2022

## Pou fè yon rekòmandasyon, tanpri kontakte founisè nan zòn ou an:

**Konte CSIDD bay Sèvis:** Albany, Columbia, Dutchess, Fulton, Greene, Montgomery, Orange, Putnam, Rensselaer, Rockland, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Sullivan, Ulster, Warren, Washington, ak Westchester

### Founisè CSIDD:



Office for People With Developmental Disabilities

Nimewo telefòn NYSTART/CSIDD: 1-844-782-7880